

# Fason pou peye bòdwo FPL ou a

## Fason ki fasil e ki rapid pou peye:

### Peye pa Telefòn (FPL Pay By Phone)®

» Lè w peye bòdwo w pa telefòn avèk kont labank w an, ou mèt asire w peman an rapid grasa koneksyon nou ki sekirize.

» Sèvis sa a gratis epi li disponib 24 sou 24, konsa li anrejistre sou kont ou lapoula.

» Pou itilize sèvis sa a, rele nan **800-226-3545**.

### Peye pa Entènèt (FPL Pay Online)®

» Lè w peye bòdwo w sou Entènèt, pa gen okenn chaj-epi w mèt asire w peman labank ou an rapid grasa koneksyon nou ki sekirize.

» Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **FPL.com/payment**.

### Peman ak Kat Kredi/Debi

» Peye bòdwo w ak yon kat kredi oswa debi avèk Western Union® Speedpay®.

» Peman w ap anrejistre sou kont ou nan kèk minit sèlman, w ap resevwa yon konfimasyon lapoula epi tout enfòmasyon pèsonèl ou yo ap rete an sekirite.

» Rele Western Union nan nimewo apèl gratis **800-979-3967** oswa ale sou **FPL.com/paycard**.

» Y ap chaje w pou opsyon peman sa a.

### Peye an Pèsonn

» Pou jwenn yon Ajan Peman ki Otorize, rele nan **800-226-5885** oswa sèvi ak kat enteraktif nou sou **FPL.com/payagent**.

» Y ap chaje w pou opsyon peman sa a.

## Lòt fason ki pratik pou peye:

### Peye Bòdwo FPL w Otomatikman (FPL Automatic Bill Pay)®

» Bòdwo kouran w lan ap peye otomatikman chak mwa paske n ap retire peman an sou kont labank ou nan dat ou chwazi a.

» W ap toujou resevwa yon dokiman k ap montre w sa w konsome ak sa w peye chak mwa pou w ka egzamine l e pou w ka kenbe l nan dosye w yo.

» W ap ekonomize tan, epi w pap bezwen ni ekri yon chèk ni gaspiye yon tenm.

» Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **FPL.com/autopay** oswa rele nan **800-226-3545**.

### Lapòs

» Ou ka poste yon chèk oswa yon manda. Tanpri ekri nimewo kont FPL ou a sou li. Voye peman w lan pa lapòs nan adrès sa a:

**FPL**
**General Mail Facility**
**Miami, FL 33188-0001**

» Tanpri voye li alavans pou li ka rive pa lapòs anvan dat limit la.

Pwogram sa yo gendwa chanje oswa kanpe nenpòt lè san yo pa avèti pèsonn.
Kondisyon kalifikasyon final yo espesifye nan nòm pwogram la.

CHANJE KOURAN AN® FPL®

R368 38882 HC